



**AJANDA OPÓTINITE 2015:  
ASIRE JISTIS NAN PÈSEPSYON AK NAN REYALITE**

Re: Konstwi yon *nouvo* New York

Dat: 20 janvyè 2015

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse douzyèm pati “Ajanda Opòtinite 2015” li a – yon plan sis-pwen ki dekri vizyon l pou ranfòse ak modènize enfrastrikti New York.

An 2011, Gouvènè a te rekonèt ke demann ekonomi 21yèm syèk la te bloke non sèlman pa fason 20yèm syèk la ap fè biznis, men pa enfrastrikti 20yèm syèk. Ansanm avèk angajman finansye kontinyèl pou amelyore enfrastrikti, Gouvènè, Cuomo te ouvè wout la nan anbrase konstriksyon inovatè ak mekanis finansman. Rezilta a te transfòme fason New York konstri ak kenbe rezo transpò li, eleman vital ekonomi eta a.

Sepandan, yo neglije pandan twò lontan pifò nan enfrastrikti esansyèl New York. Eta a gen ase pon ki pou soti Albany rive Miami – 6,000 ladann yo bezwen reparasyon. Eta a gen ase wout ki pou fè 1.5 fwa tou tè a, men 60 pousan ladan yo bezwen repara. MTA deplase 8.5 milyon moun chak jou – 70 pousan nan tout pasaje ki pran tren, 40 pousan nan tout vwayajè tren ak 20 pousan nan vwayajè otobis nan tout peyi a – men ansyen enfrastrikti a bezwen investisman. Enpòtans sistèm lan nan byennèt ekonomi rejyon an pat janm pi aparan pase nan jou apre Gwo Tanpèt Sandy a.

Plan enfrastrikti Gouvènè a pral ede kenbe tranpòtasyon vital nou an ak ankouraje estrateji kwasans nan New York, espesyalman nan rejyon ki gen kwasans popilasyon rapid yo. Plan enfrastrikti sa a pral yon poto mitan nan dezyèm manda gouvènè a e li pral gen ladann:

**Modènize Ayewopò New York yo**

Ayewopò New York yo se pòtay eta, rejyon, ak nasyon an. John F. Kennedy International ak LaGuardia poukont yo resevwa apeprè 80 milyon pasaje pa ane, sipòte apeprè 350,000 travay, \$18 milya nan salè ak plis pase \$50 milya nan aktivite ekonomik. Sepandan, toulède toujou klase pami pi move ayewopò nan peyi a nan konsepsyon ak eksperyans pasaje.

Ane pase, Gouvènè a te lanse yon [Plan Daksyon Konsepsyon Konpetisyon \[Master Plan Design Competition\]](#) pou re-imagine LaGuardia ak JFK. Soumisyon konsepsyon final yo dwe gen ladann:

- Bato Feri wot-vitès ak nouvo tèminal bato feri pou aksè dirèk nan ayewopò yo;
- Opòtinite pou chanje ak reyabilite enstalasyon aktyèl yo, sa ki gen ladan Marine Air Terminal nan Lagoon ak potansyèl re-italizasyon l;
- Amelyorasyon nan biznis kago pou sipòte travay ak devlopman ekonomik nan Ayewopò Entènasyonal Stewart;
- Amelyorasyon otèl ayewopò;
- Ekipman dènye modèl ki ofri bonjan eksperyans de klas ak divès eksperyans manje;
- Aksè adisyonèl nan ayewopò atravè plizyè mòd transpòtasyon, enkli amelyore chemendefè oswa sèvis transpò an komen ak pakin aksesib;
- Enkòporasyon yon moun kap fè moun deplase pou pèmèt aksè rapid ant tèminal yo;
- Yon panorama anblematik orizon Vil New York.

Jodia Gouvènè Cuomo te anonse fòmasyon yon panèl sèt-manm ki gen ekspètiz nan biznis, planifikasyon ak kominote lokal la, pou ba l konsèy ak Port Authority New York ak New Jersey sou pi bon konsepsyon ayewopò yo. Panèl la gen ladan:

- Dan Tishman, Vis – Prezidan nan AECOM Technology Corporation, ak Prezidan ak Direktè Jeneral Tishman Construction Corporation;
- Jacqueline Snyder – konseye espesyal pou enfrastrikti Eta New York ak ansyen chèf NYC Design Commission;
- Amanda Burden – ansyen komisyonè Planifikasyon Vil New York ak yon direktè aktyèl nan Bloomberg Associates;
- Tony Collins – prezidan Clarkson University, ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country, prezidan Seaway Private Equity Corporation aksyon manm nan Komite Konsèy Devlopman NYSERDA Technology & Market;
- John Zuccotti – ko-prezidan Brookfield Office Properties ak prezidan konsèy direktè nan Brookfield Financial Properties LLC;
- Jose Gomez-Ibanez – the Derek C. Bok Pwofesè Planifikasyon Ibèn ak Règleman Piblik nan Harvard's Kennedy School Gouvènman an ak Harvard's Graduate School of Design;
- Prezidan awondisman Queens Melinda Katz.

Gouvènè a te dirije tou Port Authority ak Empire State Development pou ogmante kapasite kago nan Ayewopò Stewart nan Hudson Valley, pou l fè li tounen yon sant distribisyon kago rejyonal. Depatman transpòtasyon ap travay tou an konjonksyon avèk Empire State Development pou idantifye yon nouvo operatè pou Ayewopò Repiblik nan Long Island.

## **Elaji Tranpò Piblik**

*Kreye yon AirTrain nan Ayewopò LaGuardia*

Ayewopò LaGuardia se premye pòtay lokal New York, ki sèvi prèske 27 milyon pasaje chak ane. Depi

plizyè ane vwayajè, biznis, ak anplwaye ayewopò yo ap mande pou amelyore aksè nan LaGuardia. Anplis de modènize lokal yo nan ayewopò a, Eta a pral amelyore aksè tou nan kreye yon Air-Train nan LaGuardia ki konekte dirèkteman nan sistèm tren ak chemendefè Long Island nan Estasyon Mets-Willets point. Port Authority a pral konstwi AirTrain lan ak MTA pou apeprè \$450 milyon. Enfòmasyon sou liy AirTrain lan disponib [isit la](#).

#### *Bati nouvo Estasyon Metro-North nan Bronx ak Elaji Aksè nan Estasyon Penn*

Aksè Metro North nan Estasyon Penn pral non sèlman amelyore transpò ant New York ak zòn ozalantou yo, men lap ranfòse rezistans rejyon an nan fè fas a tanpèt nan lavni. Pwojè Aksè Penn lan pral bay nouvo sèvis tren nan pòsyon defavorize kap grandi nan Bronx nan Bò Lwès Manhattan ak nan sant travay kap grandi nan Westchester ak apre yo. Eta a pral bati kat nouvo estasyon nan Bronx – Co-op City, Morris Park, Parkchester, ak Hunts Point – pou elaji aksè tren pou plis pase 93,000 rezidan kap viv toupre estasyon yo. Pwojè a pral sèvi youn nan pi gwo konsantrasyon sant medikal tou nan Etazini nan estasyon Morris Park. Pri nouvo liy ak estasyon yo ap pi piti pase \$1 milya, avèk Eta a kap investi \$250 milyon nan finansman sa a.

#### *Konstri Estrikti Pakin Toupre Sant Transpò yo*

Pou ede soulaje konjesyon akòz kwasans zòn nan, Eta a pral investi nan devlopman enstalasyon pakin vètikal nan Ronkonkoma ak lokasyon sant Nassau nan Long Island, ak nan Lighthouse Landing nan Tarrytown, Konte Westchester. Investisman sa yo pral asire ke propriyete ki itilize aktyèlman sitou pou pakin kapab re-devlope pou sèvi plizyè bagay – ankouraje investisman andetay ak devlopman rezidansyèl - pou ede ranfòse kominote lokal sa yo ak ekonomi yo. Eta a pral investi \$150 milyon pou ede konpanse pou depans enstalasyon pakin yo.

#### *Investisman enpòtan nan MTA*

Pou asire ke li rete youn nan sistèm transpò komen ki pi efikas ak fleksib nan mond la, Eta a pral investi \$750 milyon nan plan kapital MTA pou l asire ke investisman estratejik yo fèt nan sistèm lan pou amelyore eksperyans pasaje nan achte 900 nouvo machin tren ak 1800 otobis nouvel jenerasyon; amelyore depandans ak kapasite sistèm siyal li ak notifikasyon pasaje yo; kontinye avèk pwojè ka p amelyore sèvis; ak asire ke sistèm nan pwoteje kont dezaz natirèl nan lavni.

#### **Investisman Enfrastrikti nan tout Eta a**

Eta a pral mennen kwasans New York delavan nan investi pou repare ak kenbe enfrastrikti enpòtan yo. Li pral investi \$1.3 milya nan sistèm Thruway pou desann tòn ak pèmèt reparasyon enpòtan ak antretyen, sipòte konstriksyon Pon Tappan Zee ak opsyon transpò altènatif. Anplis, yo pral investi estratejikman \$750 milyon nan depatman rezo transpòtasyon wout ak pon nan tout eta a pou asire ke biznis kapab grandi ak kreye travay.

#### **Fery Wot-Vitès**

Pou akselere vwayaj nan Vil New York ansanm avèk Ayewopò LaGuardia ak JFK, Eta a pral eksplòre pou l

etabli plis sèvis feri wot-vitès nan zòn metwopoliten Vil New York. Wout adisyonèl sa yo ka gen ladan nouvo sèvis nan LaGuardia, Konte Westchester ak Long Island.

## **Broadband**

Eta a pral lanse yon pwogram broadband \$500 million [nan tout eta a](#) ki eksplwate omwen yon lòt \$500 milyon nan resous prive pou asire ke tout moun New York gen aksè nan entènèt wot-vitès nan ane 2019. Envestisman \$1 milya sa a reprezante pi gwo envestisman Eta a fè nan deplwaman broadband inivèsèl nan peyi a.

## **Pwolonje Konsepsyon-Konstriksyon**

Pou ede New York kreye siksè dirab nan koupe de fason pèmanan sou fòmaliite administratif, Gouvènè a pwopoze pou l pwolonje itilizasyon “Konsepsyon-Konstriksyon” – yon metòd kote konseptè, enjenyè ak travayè yo jwenn ansanm tankou yon antite pou delivre yon pwojè – endefiniman pa tout depatman yo nan Eta a. Konsepsyon-Konstriksyon fè kontribyab New York yo ekonomize plis pase \$1.6 milya ak plis pase de deseni nan tan konstriksyon. Otorizasyon Konsepsyon-Konstriksyon an ki te ekspire nan fen ane 2014 la e eta a dwe pran aksyon pou pèmèt nenpòt ajans itilize metòd sa a pi devan.

45 lòt eta aktyèlman ap itilize metòd Konsepsyon-Konstriksyon an. Depi lwa ki te bay Konsepsyon-Konstriksyon otorizasyon an te pase an 2011, Depatman transpòtasyon an te bay 10 kontra ki vo plis pase \$800 million, ki gen ladan pi gwo kontra depatman an – Pon \$550 milyon Kosciuszko. Pwojè sa yo ankou toupatou nan eta a epi rezilta yo pozitif anpil: pwojè ap delivre pi bonè epi sou-bidjè, y ap kreye travay, epi enfrastrikti Eta a ap amelyore.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride